

REPÈTWA BOUSDETID 2023-2024



[SCHOLARSHIPS.DELAWARESTUDENTSUCCESS.ORG](https://scholarships.delawarestudentsuccess.org)



BOUSDETID AKADEMIK	3
B. Bradford Barnes Memorial Scholarship [B. Bousdetid Bradford Barnes Memorial]	3
Charles L. Hebner Memorial Scholarship – formerly the Diamond State Scholarship [Bousdetid Charles L. Hebner Memorial - ki te rele anvan sa bousdetid Diamond State]	3
Herman M. Holloway Sr. Memorial Scholarship [Bousdetid Herman M. Holloway Sr. Memorial]	3
BOUSDETID KI BAZE SOU BEZWEN	3
Scholarship Incentive Program (ScIP) [Pwogram Ankourajman Bousdetid (SCIP)]	3
LÒT BOUSDETID	4
Career Based Scholarship [Bousdetid ki Baze sou Karyè]	4
Educator Support Scholarship [Bousdetid Sipò pou Edikatè]	4
Educational Benefits for Children of Deceased Veterans and Others [Avantaj Edikatif pou Timoun Veteran ki Mouri yo ak Lòt]	4
Michael C. Ferguson Achievement Award [Prim ekselans Michael C. Ferguson]	4
BOUSDETID KI ADMINISTRE PA KOLÈJ DELARE YO	5
Inspire Scholarship [Bousdetid Inspire]	5
Delaware SEED (Student Excellence Equals Degree) Scholarship Program [Pwogram Bousdetid SEED (Student Excellence Equals Degree) Delaware]	5
PWOGRAM EKSTANSYON SEED	5
SEED Extension Scholarship [Bousdetid Ekstansyon SEED] (Goldey-Beacom College)	5
STAR Scholarship [Bousdetid STAR] (Wilmington University)	6
LÒT OPÒTINITE ASISTANS FINANSYE POU REZIDAN DELAWARE YO	6
Delaware College Investment Plan [Plan Envestisman Nan Delaware College]	6
Academic Common Market [Mache Komen Akademik]	6

Bousdetid Eta a pou Rezidan DE yo

Biwo Edikasyon Siperyè Delaware (DHEO) a administre 7 bousdetid eta a esponsore. Pou aplike pou bousdetid DHEO yo, yon elèv pral kreye yon Kont Elèv DHEO nan [Pòtay Èd Finansye](#) pou Edikasyon Siperyè Delaware a pou kapab apresa jwenn aksè nan aplikasyon an sou entènèt pou nenpòt nan 7 bousdetid yo. Anplis de aplikasyon sou entènèt la, **Aplikasyon Gratis pou Asistans Federal Elèv la (FAFSA) obligatwa pou anpil nan pwogram ki baze sou bezwen yo ak pou bousdetid Eta a.**

BOUSDETID AKADEMIK

Prim ki baze sou merit pou senyò lekòl segondè yo

B. Bradford Barnes Memorial Scholarship [B. Bousdetid Bradford Barnes Memorial]

Nan onè ansyen Prezidan Chanm Reprezantan Eta a

Ouvèti Aplikasyon: 1 Desanm 2023

Kondisyon pou Aplikasyon yo: Aplikasyon sou entènèt la pral mande enfòmasyon sou enskripsyon ki prevwa pou elèv la pou 2024-2025 (enstitisyon ak matyè prensipal) ak yon lis aktivite elèv yo. Yo pral kolekte dosye akademik elèv la (GPA/SAT) pandan pwosesis revizyon an. Elèv la dwe ranpli FAFSA a anvan dat limit aplikasyon an.

Dat limit: Soumèt aplikasyon pou bousdetid la anvan 4:30 p.m. 23 Fevriye 2024.

Elijibilite: Senyò lekòl segondè ki gen yon nòt konbine 1290 nan SAT la. Dwe enskri apentant nan University of Delaware.

Prim: Frè ekolaj konplè, frè, chanm, pansyon ak liv nan University of Delaware. Renouvlab pou jiska twazan avèk yon GPA kimilatif 3.0. Yon prim pa ane.

Charles L. Hebner Memorial Scholarship – formerly the Diamond State Scholarship [Bousdetid Charles L. Hebner Memorial - ki te rele anvan sa bousdetid Diamond State]

Nan onè ansyen Prezidan Chanm Reprezantan Eta a

Ouvèti Aplikasyon: 1 Desanm 2023

Kondisyon pou Aplikasyon yo: Aplikasyon sou entènèt la pral mande enfòmasyon sou enskripsyon antisipe elèv la pou 2024-2025 (enstitisyon ak matyè prensipal). Yo pral kolekte dosye akademik elèv la (GPA/SAT) pandan pwosesis revizyon an.

Dat limit: Soumèt aplikasyon pou bousdetid la anvan 4:30 p.m. 23 Fevriye 2024.

Elijibilite: Senyò lekòl segondè ki gen yon nòt konbine 1290 nan SAT la. Dwe enskri apentant nan yon kolèj ki pa pou fè pwofi ki akredite onivo rejon.

Prim: Renouvlab pou jiska twazan avèk yon GPA kimilatif 3.0.

Herman M. Holloway Sr. Memorial Scholarship [Bousdetid Herman M. Holloway Sr. Memorial]

Nan onè premye Senatè Afriken Ameriken Eta a nan Delaware

Ouvèti Aplikasyon: 1 Desanm 2023

Kondisyon pou Aplikasyon yo: Aplikasyon sou entènèt la pral mande enfòmasyon sou enskripsyon ki prevwa pou elèv la pou 2024-2025 (enstitisyon ak matyè prensipal) ak yon lis aktivite elèv yo. Yo pral kolekte dosye akademik elèv la (GPA/SAT) pandan pwosesis revizyon an. Elèv la dwe ranpli FAFSA a anvan dat limit aplikasyon an.

Dat limit: Soumèt aplikasyon pou bousdetid la anvan 4:30 p.m. 23 Fevriye 2024. Ou dwe ranpli FAFSA anvan dat limit aplikasyon an.

Elijibilite: Senyò lekòl segondè ki gen yon nòt konbine nan 1000 nan SAT la. Dwe enskri apentant nan Delaware State University.

Prim: Frè ekolaj konplè, frè, chanm, pansyon ak liv nan Delaware State University. Renouvlab pou jiska twazan avèk yon GPA kimilatif 3.0. Yon prim pa ane.

BOUSDETID KI BAZE SOU BEZHEN

Scholarship Incentive Program (SciP) [Pwogram Ankourajman Bousdetid (SCIP)]

Ouvèti Aplikasyon: 2 Janvyè 2024

Kondisyon pou Aplikasyon yo: Aplikasyon sou entènèt la pral mande enfòmasyon sou enskripsyon antisipe elèv la (enstitisyon ak matyè prensipal). Elèv la dwe ranpli FAFSA a anvan 15 Me 2024.

Dat limit: Soumèt aplikasyon bousdetid la sou entènèt anvan 15 Me 2024 epi ranpli FAFSA anvan 15 Me 2024.

Elijibilite: Senyò lekòl segondè ak elèv premye sik yo ki enskri apentant nan yon enstitisyon Delaware ki akredite, oswa yon elèv premye sik oswa yon elèv sik siperyè ki enskri nan yon enstitisyon deyò eta a ki akredite nan yon pwogram diplòm yo pa ofri nan University of Delaware, Delaware State University oswa Delaware Technical Community College. Elèv la dwe ranpli FAFSA a anvan dat limit aplikasyon an.

Prim: \$1,000/ane. Prim nan pa renouvlab; elèv yo dwe re-aplike chak ane.

LÒT BOUSDETID

Career Based Scholarship [Bousdetid ki Baze sou Karyè]

Ouvèti Aplikasyon: 2 Janvyè 2024

Kondisyon pou Aplikasyon yo: Aplikasyon sou entènèt la pral mande enfòmasyon sou enskripsyon antisipe elèv la (enstitisyon ak matyè prensipal). Elèv la dwe ranpli FAFSA a anvan 15 Me 2024.

Dat limit: Soumèt aplikasyon bousdetid la sou entènèt anvan 15 Me 2024 epi ranpli FAFSA a anvan 15 Me 2024.

Elijibilite: Bousdetid pou elèv premye sik apentan ki enskri nan yon pwogram lisans nan yon kolèj piblik oswa prive Delaware nan yon matyè majè ki mennen nan yon karyè nan yon domèn ke yo bezwen anpil nan Delaware. Biwo Edikasyon Siperyè Delaware ak Depatman Travay Delaware a pral revize tandans travay nan Delaware epi mete ajou lis domèn karyè ki gen anpil bezwen yo chak senk ane. Lis domèn karyè ke yo bezwen anpil la disponib [isit la](#).

Prim: \$5,000 pa ane. Prim nan pa renouvlab; elèv yo ka re-aplike chak ane epi yo pral bay preferans pou ansyen benefisyè ki kontinye satisfè kritè elijiblite yo.

Educator Support Scholarship [Bousdetid Sipò pou Edikatè]

Ouvèti Aplikasyon: 2 Janvyè 2024

Kondisyon pou Aplikasyon yo: Aplikasyon sou entènèt la pral mande enfòmasyon sou enskripsyon antisipe elèv la (enstitisyon ak matyè prensipal). Elèv la dwe ranpli FAFSA a anvan 15 Me 2024.

Dat limit: Soumèt aplikasyon bousdetid la sou entènèt anvan 15 Me 2024 epi ranpli FAFSA a anvan 15 Me 2024.

Elijibilite: Bousdetid pou elèv premye sik apentan oswa elèv tan pasyèl ak apentan sik siperyè yo ki nan yon kolèj piblik oswa prive Delaware ki gen entansyon pou viv yon karyè nan edikasyon nan domèn ansèyman ak domèn espesyalis nan edikasyon ki gen anpil bezwen yo tankou patolojis langaj ak lapawòl, sikològ eskolè, travayè sosyal eskolè, ak konseye eskolè yo. Lis domèn ansèyman ki gen gwo bezwen yo disponib [isit la](#).

Prim: \$5,000 pa ane. Prim nan pa renouvlab; elèv yo ka re-aplike chak ane epi yo pral bay preferans pou ansyen benefisyè ki kontinye satisfè kritè elijiblite yo.

Educational Benefits for Children of Deceased Veterans and Others

[Avantaj Edikatif pou Timoun Veteran ki Mouri yo ak Lòt]

Ouvèti Aplikasyon: 2 Janvyè 2024

Kondisyon pou Aplikasyon yo: Aplikasyon sou entènèt la pral mande enfòmasyon sou enskripsyon antisipe elèv la (enstitisyon ak matyè prensipal). Elèv la dwe ranpli FAFSA a anvan 15 Me 2024. Yo pral mande ak kolekte enfòmasyon anplis konsènan elijiblite pandan pwosesis revizyon an.

Dat limit: Soumèt aplikasyon bousdetid la sou entènèt anvan 15 Me 2024 epi ranpli FAFSA a anvan 15 Me 2024.

Elijibilite: Dwe gen laj 16 a 24 lane epi dwe yon rezidan nan Delaware pandan twa ane youn apre lòt oswa plis anvan dat aplikasyon an. Si paran kandida a te yon manm nan fòs lame yo, paran an dwe te yon rezidan nan Delaware nan moman lanmò oswa deklarasyon disparisyon nan konba oswa prizonye lagè. Dwe timoun youn nan moun sa yo:

- Manm fòs lame ki te mouri akòz sèvis yo; ke yon kenbe kòm prizonye oswa ki te yon prizonye lagè; oswa ke yo ofisyèlman deklare kòm yon moun ki disparèt.
- Ajan polis eta a ke lanmò li te lye ak sèvis li.
- Anplwaye Depatman Transpò Eta a ki regilyèman anplwaye nan aktivite ki lye ak travay li nan sistèm otowout eta a ke lanmò li te lye ak sèvis li.

Prim: Limite a kat ane epi yo p ap depase frè ekolaj ak frè chak ane akademik nan yon kolèj piblik Delaware; oswa yon kolèj prive Delaware, si pwogram etid kandida a pa disponib nan yon kolèj piblik Delaware; oswa yon kolèj piblik oswa prive deyò eta a, si pa gen okenn enstitisyon nan Delaware ki ofri pwogram etid la. Kalkile nan fason pwopòsyonèl pou elèv ki elijib ki chwazi ale nan yon enstitisyon ki deyò sekans sa a.

Michael C. Ferguson Achievement Award [Prim ekselans Michael C. Ferguson]

Si w se yon moun ki te resewva prim ekselans Michael C. Ferguson nan uityèm oswa dizyèm ane, ou ka kreye yon kont elèv DHEO sou entènèt pou reklame prim ou an. Yon fwa ke kont ou te kreye epi ou mete ajou enskripsyon kolèj/inivèsite ou pou ane k ap vini an, DHEO pral matche Prim ekselans Michael C. Ferguson ou avèk kont ou an, epi ou ka fè reklamasyon prim ou an. Kontakte DHEO@doe.k12.de.us yon fwa ou fin kreye kont elèv ou an.

Kijan pou Aplike - Kreye Kont Elèv DHEO ou

Elèv ki vle aplike pou bousdetid yo dwe enskri epi kreye yon Kont Elèv. Yon fwa kont lan kreye, elèv yo ap gen opsyon pou wè ak aplike pou bousdetid chak ane, soumèt dokiman sipò lè sa nesès pou

aplikasyon yo a epi swiv eta aplikasyon yo a. Si yo akòde yo, elèv yo ap kapab swiv tou verifikasyon kolèj ak peman bousdetid yo.

Kandida premye fwa yo ka kreye Kont DHEO Elèv yo a nenpòt ki lè pandan y ap vizite [Paj Dakèy Kont Elèv DHEO](#) a

REMAK: Yo voye kominikasyon pou plis enfòmasyon sou dat limit nan adrès imel ou an nan Kont Elèv DHEO ou a. Tcheke imèl ou souvan. Pou evite pwoblèm livrezon yo, ajoute dheo@doe.k12.de.us nan liv adrès ou a oswa lis sekirize a.

Sòf si yo di sa yon lòt fason, pwogram sa yo finanse pa eta Delaware; administre pa Biwo Edikasyon Siperyè Delaware a (DHEO); epi yo egzije pou gen rezidans nan Delaware ak sitwayènte Ameriken oswa estati ki pa sitwayènte men ki elijib. Si ou gen kesyon sou asistans eta a esponsòrizasyon a, kontakte:

Biwo Edikasyon Siperyè Delaware (DHEO)

Batiman The Townsend
401 Federal St., Ste. 2,
Dover, DE 19901
302-735-4120
302-739-5894 (faks)
dheo@doe.k12.de.us

Finansman pou bousdetid DHEO a depann de resous bidjè Eta Delaware, ki finalize 1 Jiyè chak ane.

BOUSETID KI ADMINISTRE PA KOLÈJ DELARE YO

**Inspire Scholarship
[Bousdetid Inspire]**

Eligibilite: Ofri asistans pou frè ekolaj konplè pou elèv ki elijib ki enskri apentant nan yon pwogram diplòm nan Delaware State University.

Dat limit: Dwe satisfè dat limit Delaware State University pou soumèt aplikasyon pou admisyon, ranpli FAFSA a epi soumèt lòt fòmilè yo mande yo.

Prim: Ofri asistans pou frè ekolaj pou jiska uit semès. Benefisyè yo dwe kalifye chak ane.

Kontak: Delaware State University
Biwo Asistans Finansye
1200 N. DuPont Highway
Dover, DE 19901
302-857-6250
scholarships@desu.edu
desu.edu/enspire

**Delaware SEED (Student Excellence Equals Degree) Scholarship Program
[Pwogram Bousdetid SEED (Student Excellence Equals Degree) Delaware]**

Eligibilite:

- Ofri frè ekolaj pou elèv ki elijib ki enskri nan Delaware Technical Community College. Bousdetid SEED an ka aplike pou yon diplòm asosye, diplòm, sètifika kredi, lisans, oswa pwogram fòmasyon pou mendèv nan Delaware Tech.
- Ofri frè ekolaj pou elèv ki elijib ki enskri nan pwogram Asosye nan University of Delaware nan Arts.

Frè ekolaj gratis la ka aplike pou senk ane kou (ki peye pou yon diplòm asosye konplè ak yon ane siplemantè ki mennen nan yon lisans).

Dat limit: Dwe satisfè tout dat limit enstitisyonèl pou aplike pou admisyon, ranpli FAFSA a epi soumèt tout fòm obligatwa yo.

Prim: Ofri frè ekolaj apre lòt èd finansye ki resevwa a dedwi nan total frè ekolaj yo. Pa kouvri liv, frè, oswa lòt depans ki lye yo.

Kontak: Delaware Technical Community College
dtcc.edu/seed

Biwo Èd Finansye,
Owens Campus, 302-855-1693

Biwo Èd Finansye,
Terry Campus, 302-857-1040

Biwo Èd Finansye,
Stanton Campus, 302-453-3706

Biwo Èd Finansye,
Wilmington Campus, 302-434-5552

University of Delaware,
Sèvis Finansye Elèv, 302-831-2126

PWOGAM EKSTANSYON SEED

**SEED Extention Scholarship
[Bousdetid Ekstansyon SEED]
(Goldey-Beacom College)**

Eligibilite: Elèv ki fini avèk siksè de ane nan pwogram SEED Delaware Technical & Community College la oswa pwogram AAP University of Delaware a epi resevwa yon diplòm asosye ak yon mwayèn jeneral kimilatif 3.0 oswa pi plis

Dat limit: Dwe satisfè tout dat limit enstitisyonèl pou aplike pou admisyon, ranpli FAFSA a epi soumèt tout fòm obligatwa yo.

Prim: Ofri frè ekolaj konplè, bousdetid yo limite

Kontak: Goldey-Beacom College
gbc.edu/admissions/tuition-and-financial-aid/scholarships.html

Biwo Admisyon,
302-225-6248,
Admissions@gbc.edu.

STAR Scholarship [Bousdetid STAR] (Wilmington University)

Elijibilite: Elèv ki reyisi gradye avèk yon diplòm asosye atravè pwogram SEED la ak yon mwayèn jeneral kimilatif 3.5 oswa pi plis

Dat limit: Dwe satisfè tout dat limit enstitisyonèl pou aplike pou admisyon, ranpli FAFSA a epi soumèt tout fòm obligatwa yo.

Prim: Ofri mwaye nan frè ekolaj la, bousdetid yo kapab depann de fon ki disponib ki atribye pa Wilmington University.

Kontak: Wilmington University
gbc.edu/admissions/tuition-and-financial-aid/scholarships.html

Biwo Admisyon,
302-225-6248,
Admissions@gbc.edu.

Rejistrè nan Wilmington University,
starscholarship@wilmu.edu,
302-295-1121.

LÒT OPÒTINITE ASISTANS FINANSYE POU REZIDAN DELAWARE YO

Delaware College Investment Plan [Plan Investisman Nan Delaware College] *Pwogram epay pou kolèj 529 Delaware a*

Plan Investisman Delaware College la esponsore pa eta Delaware epi li jere pa Fidelity Investments. Li bay paran, granparan ak lòt moun yo yon fason ak avantaj taks pou ekonomize pou yon edikasyon nan kolèj pou yon timoun. Tout revni yo ogmante avèk taks ki ranvwaye epi retrè ki admisib yo egzonere pou taks sou revni nivo federal ak pou Eta Delaware a. Retrè yo ka itilize pou peye pou depans edikasyon siperyè ki kalifye. Plan Delaware a ofri divès opsyon investisman.

Pou jwenn yon kit enskripsyon, rele Sant Envestisè Wilmington lan nan 800-201-5380 oswa vizite fidelity.com/delaware.

Academic Common Market [Mache Komen Akademik]

Akò rejyonal pou epay pou frè ekolaj

Mache Komen Akademik la (**Academic Common Market, ACM**) se yon akò epay pou frè ekolaj ant **15 eta Sid** yo ki se manm Komisyon Rejyonal Edikasyon Sid la (**Southern Regional Education Board, SREB**). Si yo pa ofri pwogram diplòm ou an nan yon kolèj piblik nan Delaware, ou gendwa elijib pou ale nan yon kolèj deyò-eta a epi resevwa frè ekolaj nan eta a nan yon kolèj piblik ki patisipe nan ACM nan.

Pou **elijib** pou ACM a, ou dwe:

1. Yon rezidan Delaware ki gen pwogram diplòm ki pa ofri nan Delaware State University oswa nan University of Delaware.
2. Aksepte nan yon pwogram bakaloreya oswa yon pwogram diplòm nivo sik siperyè elijib ki seleksyone pou ACM lan pa yon kolèj k ap patisipe. Remak: ACM lan pa gen ladan premye pwogram diplòm pwofesyonèl, tankou famasi, medsin, medsin veterinè, dantisri, optometri, teyoloji oswa dwa.

15 eta k ap patisipe yo se:

Alabama	Mississippi
Arkansas	Oklahoma
Delaware	South Carolina
Florida	Tennessee
(pwogram nan nivo gradye sèlman)	Texas
Georgia	(pwogram nivo gradye sèlman)
Kentucky	Virginia
Louisiana	West Virginia
Maryland	

Pwogram yo ofri nan ACM lan yo seleksyone pa kolèj piblik k ap patisipe yo epi yo kapab sibi chanjman. Eta ak kolèj yo ka mete restriksyon tou sou patisipasyon ACM nan, tankou enskripsyon nan premye sik oswa enskripsyon nan pwogram gradye sèlman; enskripsyon apentan; oswa fen yon pwogram kou espesifik pou antre nan pwogram diplòm nan.

Ou ka soumèt aplikasyon ACM ou bay DHEO a apre yo te fin aksepte w nan yon pwogram diplòm ki elijib. Si ou rete enskri kontinyèlman nan menm pwogram nan menm lekòl la, ou fè pwogrè akademik satisfèzan epi w konsève rezidans Delaware ou, ou pa bezwen re-aplike chak ane. Kondisyon enstitisyonèl pou kenbe estati ACM ka gen ladan enskripsyon apentan epi konsève yon minimòm GPA.

Kontakte DHEO si ou gen kesyon oswa si yo pa ofri pwogram ou an nan ACM nan. Enstitisyon k ap patisipe yo pral pafwa ajoute yon pwogram sou demann. Pou aprann sou pwogram ki elijib pou rezidan Delaware yo, dat limit ACM nan, oswa pou telechaje yon aplikasyon, vizite delawarestudentsuccess.org/acm.



401 Federal Street
Dover, DE 19901-3639
(302) 735-4120
dheo@doe.k12.de.us



SCHOLARSHIPS.DELAWARESTUDENTSUCCESS.ORG

